



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT EKSPOZISYON AK PLON NAN DEKORASYON NWÈL AK SEZON FÈT YO

*Lejislasyon (S.05675a/A.4522a) egzije etikèt avètisman pou revètman plon ki itilize nan pwodui ekleraj sezonye ak dekorasyon yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.05675/A.4522) pou tounen lwa pou pwoteje Nouyòkè yo kont ekspozisyon ak plon nan limyè Nwèl ak lòt dekorasyon fèt yo nan egzije pou gen yon etikèt avètisman pou kèk pwodui ki itilize bwatye kòdon elektrik ki abaz plon. Lejislasyon an defini pwodui ekleraj sezonye ak dekorasyon yo, egzije yon bon etikèt avètisman epi òdone amann pou nenpòt fabrikan ki vyole lejislasyon sa a.

"Pandan n ap dekore kay nou pou sezon fèt la, Nouyòkè yo pa ta dwe gen pou enkyete yo konsènan ekspozisyon aksidantèl timoun yo ak pwòch yo nan anpwazònman plon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lejislasyon sa a se yon fason senp, bon sans pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan n ap patisipe nan tradisyon fèt nou renmen yo. An nou pase yon sezon fèt an sekirite, an sante ak nan kè kontan".

Nouvo lwa a defini "pwodui ekleraj sezonye ak dekorasyon" (Seasonal and Decorative Lighting Product, SADLP) epi egzije pou chak SADLP fabrike, vann oswa distribiye nan Eta New York ki gen yon bwatye kòdon elektrik kote gen plon ladan nan yon kantite ki depase 100 pati pa milyon dwe gen yon etikèt avètisman. Etikèt avètisman an dwe ekri, "*Avètisman: manipile fil elektrik pwodui sa ki rekouvri a ka ekspoze ou ak plon. Lave men w byen apre ou fin itilize li*". Nenpòt fabrikan ki vyole sa ap gen pou peye yon amann 500 dola.

Yo te demontre limyè fèt dekorasyon ak sezonye yo gen nivo plon ki potansyèlman danjere. Plizyè etid endepandan, ki te swiv tès esiyaj estanda Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè (Consumer Product Safety Commission, CPSC) a pou wè ki kantite plon k ap soti nan men yon moun, te revele gen kèk mak ki gen ladan plis pase 30 fwa nivo regilatè yo otorize nan pwodui pou timoun yo. Yon etid 2008 ki te pibliye nan Jounal Sante Anviwònmanal (Journal of Environmental Health) la, te jwenn apeprè tout limyè ki teste yo te gen nivo ki depase limit Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal la pou rebò fenèt ak atè yo.

Yo te pwouve plizyè fwa ke ekspozisyon ak plon te gen rapò ak pwoblèm sante grav ki gen ladan atak sou sèvo ak sistèm nève santral, maladi kadyak ak nan ren, fètilite ki redui ak depresyon ak konsekans grav pou timoun. Dapre Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization, WHO), pa gen okenn konsantrasyon nivo san ki sekiritè. Pandan ke lwa federal yo entèdi lavant ak fabrikasyon plon nan penti kay ak gazolin epi New York pwomilge limit rijid sèlman sou penti nan jwèt ak founiti pou timoun ak kèk atik tablo ki gen vèni, lavant pifò lòt pwodui konsomatè ki gen plon nan eta a pa osi règleman yo fason ki rijid.

Limyè fèt/dekorasyon yo, gwo majorite ladan yo fabrike aletranje, te gen plon ki aplike sou kouvèti fil yo pou anpeche plastik la fann epi aji tankou yon retadatè dife. Piske plon an pa fasilman absòbe nan po a, enkyetid prensipal konsènan ekspozisyon an vini de enjesyon tras yo ki rete sou yon moun apre li fin manipile limyè yo. Pwojè lwa sa a ap egzije pou nenpòt pwodui ki gen plon ladan, ki vann nan Eta New York, pou li gen yon etikèt avètisman klè ki enfòm ke pwodui a ka ekspoze konsomatè a ak sibstans lan epi ki gen enstriksyon klè pou lave men yo.

**Senatè Eta a, Elijah Reichlin-Melnick, te deklare** "Dekorasyon pou sezon fèt la pa ta dwe janm mete sante fanmi ou andanje, men anpil pwodui limyè dekorasyon gen plon an kantite ki danjere pou timoun yo ak granmoun yo. Yo te retire plon nan gazolin, penti ak plizyè douzèn pwodui menaje nan dènye 5 deseni yo akòz li gen pwazon epi lakòz domaj ki pa ka repare pou lespri k ap devlope yo".

**Manm Asanble a Sandy Galef te deklare**, "Nou konnen plon konpwomèt sante nou epi nou dwe pran tout mezi nou kapab pou limite itilizasyon li. Nouvo lwa sa a se yon pa nan sans sa, epi sèvi tou pou edike kominote nou yo sou prevalans plon nan atik chak jou yo pandan moun yo ap dekore pou sezon fèt la. Mwen remèsye Senatè Reichlin-Melnick pou patenarya li sou lejislasyon sa a ak Gouvènè Hochul dèske li rekonèt enpòtans li".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)